

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab dipedar hal-hal anu patali jeung métode panalungtikan, nyaéta desain panalungtikan, data jeung sumber data, téhnik ngumpulkeun data, téhnik ngolah data, jeung instrumén panalungtikan.


Métodologi nyaéta prosés néangan sarta prosédur nu digunakeun minangka pamarekan masalah jeung meunangkeun jalan kaluarana (Mulyana dina Bungin, 2011, kc. 41). Ku kituna, métodologi pamarekan umum miboga tujuan pikeun ngaguar masalah panalungtikan tina data nu dikumpulkeun di lapangan (Bungin, 2011, kc. 59).

3.1 Desain Panalungtikan

Ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kualitatif kalawan métode déskriptif. Nurutkeun Bungin (2011, kc. 61) nétélakeun yén panalungtikan kualitatif nyaéta prosés nu nyoko kana sumber data dina wujud lisan atawa tulisan tur sipatna *kasuistik*. Métode nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta métode kualitatif déskriptif, nu mangrupa métode pikeun maluruh jeung ngumpulkeun data sacara faktual, tuluy dianalisis jeung ditapsirkeun (Bungin, 2011, kc. 62).

Dumasar kana pamarekan jeung métode di luhur, disusun desain panalungtikan. Desain panalungtikan mangrupa guluyuran atawa tingkatan panalungtikan. Dimimitian ku ngaidétifikasi sarta ngarumuskeun masalah, ngumpulkeun data, maca data nu bakal ditalungtik, nganalisis data, studi pustaka, ngolah data, jeung dipungkas ku nyimpulkeun hasil panalungtikan.

Desain ieu panalungtikan dibagankeun dina bagan 3.1 desain panalungtikan.



Bagan 3.1 Desain Panalungtikan

3.2 Data jeung Sumber Data

Data nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta kalimah dina artikel siswa kelas XII IPS 2 SMAN 12 Bandung. Sakumaha nu ditétélakeun ku Arikunto (2010, kc. 161) yén data mangrupa hasil catetan panalungtik, kana fakta tulisan atawa angka.

Sutopo (2006, kc. 56) nétélakeun yén sumber data nyaéta data nu dimeunangkeun tina métode nu tangtu nu mangrupa jalma, artéfak, atawa dokumén-dokumén. Dumasar kana judul, sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta téks artikél nu disusun ku siswa XII IPS 2 SMAN 12 Bandung nu jumlahna 20 urang.

3.3 Téhnik Ngumpulkeun Data

Pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan digunakeun téhnik tés jeung téhnik dokumentasi.

3.3.1 Téhnik Tés

Téhnik tés digunakeun pikeun ngumpulkeun data mangrupa artikel karangan siswa. Siswa ditést pikeun nyieun karangan artikel dina lembar tés nu disadiakeun. Artikel nu dijadikeun data téh topikna bébas, tapi minimalna dina salambar téh aya tilu alinéa.

3.3.2 Téhnik Dokumentasi

Téhnik dokumentasi dipaké pikeun néangan jeung ngumpulkeun data kaimah tina artikel. Aya sababaraha tahap dina ngumpulkeun data, nyaéta:

- a. studi pustaka ngeunaan tiori nu nyoko kana ieu panalungtikan;
- b. nyusun lembar tés;
- c. ngayakeun tés tulis artikel;
- d. ngumpulkeun hasil tés nulis artkel;
- e. maca sarta nyirian kalimah dina artikel karangan siswa; jeung
- f. nyalin kalimah kana kartu data.

3.4 Instrumén Ngumpulkeun Data

Instrumén panalungtikan anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta lembar tés jeung kartu data. Nurutkeun Sugiyono (2017, kc. 101) lembar tés jeung kartu data pikeun validasi nu kudu dilakukeun ku panalungtik di antarana kudu maham métode kualitatif, ngawasa élmu nu bakal diguar, jeung kasiapan panalungtik pikeun nalungtik.

Dina ieu panalungtikan, panalungtik (*human instrumént*) miboga kalungguhan pikeun ngumpulkeun data, ngajén kualitas data, analisis data, nafsirkeun data, jeung nyieun kacindekan kana hasil nu kapanggih (Sugiyono, 2017, kc. 102).

3.4.1 Lembar Tés

Lembar tés mangrupa instrumén panalungtikan pikeun maréntah siswa sangkan nyieun karangan artikel. Ieu lembar tés dipaké pikeun mikanyaho wangun jeung adegan kalimah nu aya dina artikel karangan siswa kelas XII IPS 2 SMAN 12 Bandung. Ieu di handap bagan 3.2 lembar tés siswa.

<p>Wasta :</p> <p>Kelas :</p> <p><i>Pék jieun hiji artikel anu temana bébas ! (Minimal salambar 3 alinéa).</i></p> <p>.....</p> <p>.....</p>
--

3.4.2 Kartu Data

Kartu data digunakeun pikeun ngaklasifikasi jeung ngadéskripsikeun data. Dina kartu data aya informasi ngeunaan, (1) artikel anu jadi variabel kauger, anu dicirian saperti (AR-01/K-03/A-06). (ART-01) éta kode nuduhkeun karangan siswa ka hiji nu dijadikeun panalungtikan/ (K-03) éta kode hartina kalimah nu digunakeun nyaéta kalimah katilu / (A-06) éta kode hartina kalimah téh aya di alinéa ka genep. Ieu di handap gambar kartu data.

KARTU DATA	
<i>(Kalimah Rangkaian anu Dicutat). (AR-01/K-03/A-06)</i>	
Struktur Kalimah	:
F (Pola)	:
K	:
P	:

Keterangan kartu data:

(a) Kalimah rangkepan anu dicutat

(b) ID sumber cutatan

ID sumber cutatan dina ieu kartu data nya éta saperti ieu di handap:

(AR-01) éta kode nuduhkeun karangan siswa ka hiji nu dijadikeun panalungtikan/

(K-03) éta kode hartina kalimah nu digunakeun nyaéta kalimah katilu / (A-06) éta

kode hartina kalimah téh aya di alinéa ka genep.

(c) Analisis

- Struktur Kalimah

Analisis Struktur kalimah diantarana nya éta:

F : Analisis fungsi gramatikal unsur-unsur fungsional kalimah

K : Analisis katégori unsur-unsur fungsional kalimah

P : Analisis peran unsur-unsur fungsional kalimah

3.5 Téhnik Ngolah Data

Téhnik ngolah data mangrupa kagiatan nganalisis data nu geus dikumpulkeun.

Biasana dina ngolah data ieu digunakeun téhnik analisis langsung. Léngkah-léngkah dina ngolah data saperti ieu di handap:

a. nitenan deui data kalimah nu geus dikumpulkeun;

b. ngaruntuykeun data jadi alfabétis;

c. méré kode jeung nomer kana data panalungtikan;

d. nyieun papasingan data dumasar kana wangun jeung adegan kalimahna;

e. nganalisis kalimah dumasar kana wangun jeung adegan kalimahna;

f. ngadéskripsikeun kalimah dumasar kana wangun sarta adegan kalimah; jeung

g. nyieun kacindekan tina hasil analisis kalimah dumasar kana wangun jeung adegan kalimahna.